

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun campur kode dina akun *twitter* mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI. Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data, bisa dicindekkeun yén dina akun *twitter* mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI kapanggih ayana campur kode kalawan jumlah 266 kalimah.

Wanda campur kode ka jero mangrupa campur kode anu ngasupkeun unsur basa Indonesia kana basa Sunda. Campur kode ka jero ngagambarkeun asupna kecap-kecap basa Indonesia kana basa Sunda. Disawang tina unsur kecapna anu pacampur, campur kode ka jero téh bisa mangrupa campur kode kecap barang , campur kode kecap pagawéan, campur kode kecap sipat, campur kode kecap bilangan, jeung campur kode kecap pancén. Kitu ogé wanda campur kode ka luar disawang tina unsur kecapna anu pacampur, campur kode ka luar téh bisa mangrupa campur kode kecap barang , campur kode kecap pagawéan, campur kode kecap sipat, jeung campur kode kecap pancén.

Campur kode nu ngawujud frasa mangrupa campur kode anu ngasupkeun unsur basa Indonesia atawa basa Asing kana basa Sunda. Dina ieu hal, anu lolobana dipaké ku mahasiswa nyaéta dina warna frasa barang. Campur kode nu ngawujud baster mangrupa campur kode anu ngasupkeun unsur basa Indonesia jeung basa Asing kana basa Sunda dina wujud baster. Campur kode nu ngawujud baster lolobana dipaké ku mahasiswa nyaéta dina pola campur kode wujud baster basa Inggris ditambah basa Indonesia. Campur kode nu ngawujud idiom mangrupa campur kode anu ngasupkeun unsur basa Indonesia atawa basa Asing dina wujud idiom. Campur kode nu ngawujud idiom lolobana dipaké ku mahasiswa nyaéta dina pola campur kode wujud idiom kecap barang ditambah kecap barang. Campur kode nu ngawujud klausa mangrupa campur kode anu ngasupkeun unsur basa Indonesia atawa basa Asing dina wujud

**Aditia Solehudin, 2014**

**CAMPUR KODE DINA AKUN TWITTER MAHASISWA DEPARTEMEN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH FPBS UPI**

Universitas Pendidikan Indonesia | \.upi.edu perpustakaan.upi.edu

klausa. Campur kode nu ngawujud klausa bisa mangrupa campur kode wujud klausa bébas jeung campur kode wujud klausa ugeran.

## 5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, aya sababaraha saran nu perlu ditepikeun.

### a. Pikeun Mahasiswa

Pikeun mahasiswa dipiharep hasil analisis bisa nambahan pangaweruh ngeunaan peristiwa campur kode dina média sosial anu mekar di masarakat jaman kiwari. Utamina ka mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Daerah kudu resep maca bacaan basa Sunda pikeun nambahan kabeungharan kandaga kecap sangkan dina nyarita bisa maké basa Sunda anu merenah tur bisa diaplikasikeun nalika ilubiung di masarakat atawa ngajar di sakola.

### b. Pikeun Guru

Pikeun guru dipiharep dina prak-prakanana ngajar di sakola kudu ngagunakeun basa Sunda anu merenah. Ogé ieu hasil analisis téh bisa dijadikeun bahan ajar di sakola anu disaluyukeun jeung Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD).

### c. Pikeun Nu Nyusun Kamus

Luyu jeung kamekaran élmu pangaweruh jeung téhnologi. Kecap-kecap atawa kandaga kecap anu aya dina kamus basa Sunda gé kudu ditambahan saluyu jeung kamekaran téhnologi anu aya.